

Diskou Eta Konte 2026 la - Majistra Levine Cava

Bonswa, Miami-Dade.

Buenas noches a todos.

Bonswa tout moun.

Byenveni nan espas istorik isit la ki se Lou Rawls Center for the Performing Arts ki nan Florida Memorial University, sèl HBCU nan Sid Florid ak kote Im Nasyonal Nwa a te fèt.

Yon gran remèsiman a Provost Hill ak tout ekip FMU a pou ospitalite yo ak akèy yo ban nou aswè a.

Pou gran atis pèfòmè nou yo, lidè relijye nou yo, gad donè nou an, powèt loreya a, ak mèl seremoni fantastik nou an, mèsè dèske ou pataje talan ou avèk nou aswè a.

A tout moun ki se fòs travay nou nan Konte a, moun ki pèmèt nou fonksyone san pwoblèm, pou livre ekselans chak jou. Mèsè paske ou fè nou yon peyi ki gen sousi pou lòt moun.

A kò konsilè nou an ki ekstraòdinè e angaje, ansanm ak ofisyèl Eta ak ofisyèl lokal nou yo, ke lidèchip ak patenarya yo bay Miami-Dade jarèt e reflekte divèsite kominote nou an.

A mari mwen ki isit la aswè a, ewo mwen ak pi gran fanatik mwen, mèsè dèske ou toujou bò kote m.

Mèsè a kouzen mwen yo Debi ak Adi ansanm ak tout fanmi ak zanmi mwen ki ap gade sou entènèt.

Sa a se SISYÈM diskou mwen sou Eta Konte a, pandan 6 ane sa yo, nou te delivre diskou sa a nan tout kwen nan Konte nou an. Chak ane nan yon kote diferan, men toujou avèk menm objektif la. Ane sa a, nou reyini ansanm nan North Dade, yon vil ki pwospere e ki gen gwo richès kiltirèl, ke Komisyonè Gilbert reprezante.

Prezidan Komisyon an, Komisyonè yo, ofisye konstitisyonèl, lidè kominotè, e sitou, pèp Konte Miami-Dade, mèsè pou onè nou fè m pou mwen sèvi kòm Majistra nou.

Mèsè dèske ou fè m konfyans, sitou nan yon moman kote konfyans vin pi enpòtan kounye a ke anvan.

Mond sa a se yon mond enstab. Moun pa gen sètitud, anpil ladan yo fristre, yo fache oubyen yo gen lapèrèz.

Nou gade toutotou, epi nou wè bagay ki ap pase ki pa reprezante valè nou. Bagay ki pa reflekte ijans enkyetid kominote nou an: ogmantasyon pri, swen fanmi, ak konstriksyon yon avni ki estab.

Konfyans nan enstitisyon yo frajil nan moman an. Epi, fwa ke gouvènman kapab kenbe pwomès li vin tonbe anba plis eprèv.

Men isit la nan Konte Miami-Dade, nou konnen kilès nou ye.

Nou se yon Konte moun ki renmen reve ak moun ki renmen mete men.

Pou imigran ak antreprenè.

Nan fanmi ki gen plizyè jenerasyon isit la ak fanmi ki rive ak sèlman espwa ak detèminasyon.

Nan yon moman chanjman rapid ak defi, gen yon prensip ki kontinye gide mwen antanke Majistra nou.

Se te premye pwomès mwen te fè ou.

E se konsa mwen ap dirije jodi a.

Se pou sa nou te fè bon jan pwogrè e nou livre selon pwomès nou yo.

Se pou sa mwen ka di, klèman e avèk konfyans, ke eta Konte nou an solid.

Nou solid paske kominote nou ini. Paske pèp nou an fè fas a moman difisil yo avèk objektif byen klè, konpasyon ak kouraj.

Pandan mwen ap vizite chak kwen nan Konte sa a, mwen tande enkyetid sou abòdablite, sou sekirite, sou avni nou.

Men, mwen wè yon lòt bagay tou.

Mwen wè moun ki vle solisyon.

Se pou sa mwen tèlman konsantre sou bay rezilta.

Rezilta moun ka wè moun ka santi, nan lojman, transpò, travay, sekirite, e pou kenbe lè nou respire ak dlo nou pwòp.

Gen kèk nan rezilta sa yo ki fasil pou wè.
Tankou pak kote pitit ou yo ap jwe.
Plis lojman nan katye ou yo.
Yon nouvo koridò transpò piblik rapid ki konekte kominote nou an.

Gen lòt rezilta ki mwens vizib, men ki enpòtan menm jan an.

Sistèm drenaj ki pwoteje pak ak katye yo.
Pwosesis pèmi an ki detèmine a ki vitès yon ti biznis ka louvri pòt li, pou akselere opòtinite pou biznis nou yo ak fanmi nou yo.
Sistèm sipò ki kenbe jèn ki vilnerab yo sou bon chemen.

Kit se gwo oswa piti, sa ki pi enpòtan an se: travay nou ap fè jodi a ap amelyore lavi moun epi li ap prepare teren pou yon avni ki pi solid.

Sa a sitou vrè lòske se zafè ekonomi nou.

Miami-Dade se yon motè ekonomik puisan, avèk youn nan to chomaj ki pi fèb nan peyi a, 3.2%. Plis pase 120,000 nouvo djòb te kreye pandan ane ki sot pase a sèlman.

Dèyè chif sa yo gen moun reyèl ak istwa reyèl, sitou ti biznis ki se kolòn vètebral ekonomi nou an.

Moun tankou Harrison Blume, pwopriyetè MYKA, yon magazen yogout glase nan Miami Beach. Anvan Harrison te louvri biznis li a, li te rankontre yon pwoblèm familye. Plan li yo te bloke akòz biwokrasi nan domèn pèmi vil la ak Konte a.

Alò, nou te ranje sa.

Atravè nouvo kyòs pèmi STRIVE305 yo, Harrison te kapab konplete tout pèmi li yo nan sèlman sèz jou.

Olye nou te antere moun nan papye, nou te senplifye pwosesis la epi nou te rive bay bon rezilta. Kounye a, 11 vil, e menm plis toujou ap patisipe!

Harrison, ansanm ak patnè vil ak patnè sektè prive nou yo ki la aswè a, tanpri leve kanpe pou nou salye ou.

Men kisa sa sanble lè gouvènman retire baryè e lè li kreye opòtinite.

Ane pase, inisyativ STRIVE305 la, ke mwen te lanse avèk fyète an 2021, te rive jwenn 75,000 ti biznis nan tout kwen Miami-Dade.

Fon RISE Miami-Dade nou an, an patenarya avèk Dade County Federal Credit Union, te livre plis pase 10 milyon dola nan prè renouvlab ak fòmasyon pou plis pase 250 biznis.

Kounye a, Miami-Dade se Konte ki gen plis kwasans ti biznis nan peyi a, ak prèske 5,000 nouvo aplikasyon biznis pou chak 100,000 rezidan, epi nou pran angajman pou nou rete nan tèt lis la.

Yon ekonomi solid se bagay ki enpòtan. Men, se menm bagay la tou pou gen yon kote ki an sekirite e ki abòdab pou moun viv.

Chak jou mwen tandè moun nan zòn lan ap pale de presyon pri lojman ak chwa difisil twòp fanmi oblije pran.

Depi nan kòmansman, mwen te konnen kriz sa a te mande yon nouvo apwòch.

Depi kòmansman premye manda mwen an, nou te DOUBLE investisman finansye nou nan lojman ou kapab peye. Nou fin konstwi plis pase 9,000 inite lojman abòdab ak lojman abòdab pou mendèv, e gen 12,000 lòt ki ap fèt. Sa amelyore lavi apeprè 60,000 rezidan, kounye a e alavni.

Pran Kanpis River Parc la nan Little Havana.

Sa ki te yon fwa lojman sosyal demode, kounye a se yon kominote pou moun ki gen revni melanje kote ou ka mache apye, ak plis kay, boutik, espas vè, ak sèvis sipò.

Men, gen plis travay ki rete pou fèt toujou.

Mwen te bay ekip lojman nou an enstriksyon pou idantifye teren vid Konte a posede ki ka TRANSFÒME an lojman. Atravè inisyativ PROSPER la, nou deja idantifye sit ki gen potansyèl pou ajoute 5,000 lòt kay, pou ede plis fanmi bati yon vi ki estab. Mèsi, Komisyonè Hardemon, dèske ou se yon moun ki te adopte pwojè a byen bonè e ki plen ak antouzyas.

Epi nou pa p ralanti.

Pou pwopriyetè kondominyòm ki ap lite pou peye frè evalyasyon espesyal ki elve, pwogram prè san enterè nou an deja ede prèske 2,000 fanmi rete lakay yo, li bay prèske \$53 milyon dola sipò san enterè.

Men kisa sa sanble lè moun bay rezilta moun ka SANTI nan lavi chak jou yo. Mèsi, Komisyone Bastien, prezidan komite lojman nou an, dèske ou toujou ap pouse nou fè plis pou reponn a gran nesese sa a.

Epi, se pa sèlman yon kesyon de gen yon kote ki an sekirite pou w viv – se FASON w ap viv la ki enpòtan.

Fason ou jwenn aksè a travay, lekòl ak fanmi.

Fason ou deplase.

Ane pase, nou te inogire yon nouvo epòk pou pasaje transpò piblik yo.

Metro Express, premye sistèm transpò rapid otobis nou an, ki se sistèm transpò totalman elektrik ki pi long nan peyi a, ap chanje fason South Dade deplase.

Depi lansman an nan mwa oktòb la, Kantite pasaje sou sèvis ekspres la prèske DOUBLE, ak anviwon 10,000 pasaje chak jou.

Pou moun ki ap vwayaje pou ale travay tankou Calvin Gilles, yon moun ki abitye pran BRT, epi ki travay nan lopital Baptist, vwayaj li pi kout kounye a, 30 minit ale-retou. Nou rekonesan anvè patnè tankou lopital Baptist, ki ap ankouraje transpò piblik lè yo bay anplwaye yo yon navèt pou ale tounen nan MetroRail.

Nou ap amelyore sistèm lan san rete lè nou koute pasaje yo, tankou opinyon ki sòti pami anbasadè transpò CITT nou yo, tankou MARLA Vinick-Valcarcel, ki gen 30 ane depi li ap itilize transpò piblik. Li bay Metro Express yon A+!

Olye pou yo rete chita nan blokis, tout rezidan sa yo ap jwi yon vwayaj ki pi rapid e pi agreyab. Tan sa a moun sa yo ekonomize a vle di plis tan avèk fanmi, plis tan lakay, ak plis tan pou jwi lavi.

Calvin ak MARLA, tanpri kanpe pou n di nou mèsi!

Transpò se yon kesyon de opòtinite tou. Lè transpò piblik la fonksyone, nou gen aksè a travay, lekòl, ak tout bagay ki konekte chak jou nan lavi.

Pou sipòte yon Konte ki akeyi 28 milyon vizitè chak ane, ansanm ak plizyè milyon rezidan ak biznis nou yo, nou dwe investi nan enfrastrikti ki fyab, rezilyan, ki bati pou lavni.

PortMiami, kapital kwazyè nan mond lan, te akeyi yon kantite rekò 8 milyon edmi pasaje ane pase epi li sipòte plis pase 300,000 djòb atravè tout Eta a.

Ayewopò Entènasyonal Miami te sèvi plis pase 55 milyon vwayajè ane pase sèlman, yon ogmantasyon prèske 50%, depi 2021, nan kòmansman premye manda mwen an. Mèsi a prezidant komite ayewopò ak pò nou an, Komisyonè Cohen Higgins, ki ap fè nou pran vòl nan lavni!

Ane pase, yo te nonmen MIA kòm gwo ayewopò ki te pi byen amelyore nan peyi a pa rapò a satisfaksyon kliyan.

Sèvis rapid ak tan repons rapid pou reparasyon yo vrèman amelyore, gras a Lightning Crew mwen te lanse a.

Garaj Ibis la te ouvè an desanm, li te ajoute plis pase 2,000 plas pakin, anpil ladan yo avèk rechaj pou machin elektrik. Garaj la se sèlman youn nan anpil pwojè enpòtan nan Plan Daksyon Modènizasyon ayewopò a ki koute 9 milya dola. Nou te kòmanse konstriksyon Seksyon K (Concourse K) ane pase tou, premye nouvo ekspansyon tèminal nan MIA nan prèske 20 ane.

MIA se plis pase yon ayewopò.

Se pòt prensipal kominote nou an.

Non sèlman li se motè prensipal ekonomi lokal nou an, men li se motè prensipal ekonomi Eta a tou.

E pou plizyè milyon moun chak ane, se premye enpresyon yo genyen sou nou.

Enpresyon sa a enpòtan.

Avèk yon kwasans rekò, pi gwo esperans, ak plizyè milyon desizyon ki ap pran chak jou atravè ayewopò a, kounye a se moman pou amelyore estanda a pou mete li pi wo toujou.

Se pou sa aswè a, m ap anonse “MIA Forward Flight Team” lan.

Mwen ap nonmen yon gwoup patnè angaje ki konsantre sou yon sèl objektif byen senp: fè MIA fonksyone pi byen pou moun ki itilize li yo ak moun ki ap fè li fonksyone yo.

Nou va konsantre sou rezilta akoutèm ki byen vizib pou amelyore eksperyans pasaje yo ak pote plis sans atistik ak bote nan MIA nan bon moman pou Koupdimond lan.

Ekip sa a va konplete komite konsiltatif Prezidan an pwopoze a nan kad efò komen pou ranfòse MIA.

Lè ou investi nan enfrastrikti klas mondyal jan nou ap fè a, lemonn antye ap prete atansyon.

Miami-Dade se kote gran evènman yo rive, kote atansyon mondyal la rankontre fyète lokal la.

2026 pral pi gwo ane nou jiskaprezan.

Nan kòmansman mwa sa a, nou te òganize Chanpyona Nasyonal Football Inivèsité a. Go Canes!

Fòmil 1 ap retounen.

Klasik Mondyal Bezbòl la retounen.

Open Miami an pral pote pi bon jwè tenis nan mond lan isit la ankò.

Epi Inter Miami, ke pi gran jwè espò a janm wè a ap dirije, pral louvri nouvo lokal li nan Freedom Park.

Nou va òganize Somè G20 an tou, pou akeyi lidè mondyal yo nan Sid Florid.

Nan ete sa a, foutbòl pral pran sant atansyon an pandan nou ap òganize sèt match nan koupdimond FIFA 2026 la. Mèsi, Komisyonè Gilbert, pou lidèchip ak sèvis eksepsyonèl ou nan Komite Dakèy la.

Pandan 7 match sa yo, Miami-Dade pral akeyi plizyè santèn milye vizitè ki soti toupatou nan mond lan, sa pral rapòte jiska 1.3 milya dola nan aktivite ekonomik, e sipòte plis pase 9,000 djòb – anpil ladan yo isit la menm nan North Dade.

Se Fan Fest at Bayfront Park ki pral yon espas pou rezidan AK vizitè pou amize yo e gade avèk fyète pandan tout mwa a!

Pandan n ap prepare pou lavni, nou dwe pwoteje tou sa ki rann tout bagay sa yo posib.

ANVIWÒNMAN nou an ki konekte nou tout.

Dlo nou bwè nan Everglades.

Bè a ak plaj yo nou apresye anpil.
Lè nou respire a.

Prezève paradi nou an se yon bagay ki esansyèl pou kalite lavi nou ak avni nou.

Se pou sa mwen ogmante pwoteksyon anviwònmantral la lè mwen fè Depatman Jesyon Resous Anviwònmantral nou an, DERM, yon depatman endepandan epi mwen aplike estrateji rezilyans nan tout depatman Konte yo.

Se pou sa nou ap travay avèk patnè Eta ak federal yo pou pwoteje Biscayne Bay epi ranfòse enfrastrikti nou atravè inisyativ tankou Connect2Protect, ki elaji sèvis egou pwòp nou an bay rezidan ki ap itilize ansyen fos septik yo kounye a. Nou ap travay pou yon eliminasyon dechè ki pi dirab, avèk militans san pran souf Komisyonè Regalado.

Nan kòmansman premye manda mwen an, Eta a te ba nou 10 milyon dola an sibvansyon pou pwoteje bè presye nou an. Nou te resevwa prèske 60 milyon dola, – sa asire yon pwoteksyon esansyèl pou kè ble nou an ki jenere plizyè dizèn milya dola pa ane pou ekonomi nou an.

Kanta inondasyon, dlo pa rekonèt limit, se pou sa nou ap investi nan solisyon inovatè pou dlo lapli ak dlo ize. Nou ranfòse kowòdinasyon ak planifikasyon santralize pou dlo lapli pou nou pi byen pwoteje kominote yo atravè tout 34 vil yo e atravè tout Eta nou an. Mèsi, Komisyonè Steinberg, pou tout travay ou pou kenbe dlo nou pwòp, nan bè a kote ki se plas prensipal li, pa nan lari a.

Rezilyans pa sèlman konsène gwo sistèm.
Sa konsène aksyon chak jou tou.

Tankou plante pyebwa.
Konsèvasyon dlo.
Katyè ki pi pwòp.

Se pou sa patenarya yo enpòtan.

Depi 2022, plizyè santèn jèn fi ki nan eskout ak manm kominote a te plante plis pase 3,000 pyebwa nan kan istorik Camp Mahachie sou Old Cutler. Objektif yo se plante 10,000 lòt pyebwa disi fen ane a!

Pwojè tankou sa a ap chanje avni nou, yon ti fi alafwa.

Charlotte Kennedy se youn ladan yo. Apre li te fin fè volontarya nan Mahachee, li te vin yon estajyè nan Konte a epi li te ede plante yon jaden papiyon nan Deering Estate. Sa te enspire li pou li etidye biyoloji maren nan UM, kote li nan dezyèm ane etid li kounye a.

Charlotte, tanpri kanpe pou nou salye ou!

Kominote solid yo grandi grasa swen.

Epi sa PARÈT nan fason nou pran swen moun AK bèt, tankou konstriksyon yon nouvoabri pou bèt nan South Dade ki anba lidèship Komisyonè Bermudez.

Li PARÈT nan ZooMiami, avèk lidèchip Vis Prezidan McGhee. Zoo a fèk resevwa akreditasyon ankò kòm youn nan pi bon zoo nan mond lan epi li anonse yon nouvo ekspozisyon tig, ki make premye etap nan yon kanpay kapital istorik nou pral lanse pita nan ane sa a an patenarya avèk Zoo Foundation, apre ouvèti yon nouvo lopital dènye kri pou bèt mwa pwochen an.

Li PARÈT nan sekirite piblik.

Nou bati pwogram ke moun rekonèt nasyonalman, travay ki trè pèsònèl pou mwen antanke travayè sosyal e avoka kominotè.

Nou vire paj sou sistèm prizon nou an, nou bati yon apwòch ki pi sekirite kote jistis ak diyite mache men nan men, kote moun jwenn yon dezyèm chans. Kounye a yo rekonèt nou kòm yon lidè nasyonal.

Nou kontinye travay tèt kole avèk Cherif Rosie pou kenbe kominote yo an sekirite, pandan nou ap fè prevansyon pou moun pa antre nan sistèm jistis kriminèl la tou.

Nou fè sa avèk yon apwòch Pa gen Move Pòt (No Wrong Door), kote tout depatman yo travay ansanm olye pou yo travay poukont yo pou reponn a bezwen moun yo. Mèsi, Komisyonè Gonzalez, ki te adopte modèl sa a ki santre sou kominote, e ki te premye moun ki te louvri yon sant No Wrong Door nan distri li. Sant sa a te rasanble tout sèvis Konte a nan yon sèl lokal.

Pou jèn ki vilnerab yo, apwòch SA a ka chanje tout bagay.

Mwen vle pataje istwa yon jèn fi 17 ane ki te pran yon move desizyon epi yo te refere li nan pwogram divèsyon divizyon sèvis pou jèn nou an ke yo rekonèt nasyonalman.

Nan yon lòt kominote, moman sa a te ka defini avni li. Men isit la, nan Konte nou an, li te vin tounen yon pwen pivo.

Olye pou yo te pouse li pi fon nan sistèm lan, yo te rankontre li avèk sipò. Li te resevwa swen sante mantal, terapi famiyal, ak leson patikilye nan bibliyotèk nou yo, ki souvan te pòt antre sèvis Konte a. Mèsi, Komisyonè Orbis, dèske ou se yon lidè konsa pou bibliyotèk nou yo ak fanmi nou yo.

Avèk bon èd, jèn dam sa a te re pran lavi li; li te gradye nan lekòl segondè epi li te antre nan inivèsite.

Se diferans sa apwòch No Wrong Door nou an ka fè.

Tout travay sa a mande yon gouvènman ki efikas, atantif, epi responsab avèk lajan taks OU yo.

Atravè pwogram WISE305 mwen an, ki te lanse ane pase, nou ap revize chak depatman pou jwenn fason pou nou travay yon manyè pi entelijan, elimine pwosesis ki pa gen sans ankò, epi dirije fòmasyon sou entelijans atifisyèl pou mendèv la avèk sipò Miami Dade College, pou nou reponn a egzijans moman sa a.

Responsabilizasyon gouvènman an se yon pwoblèm nou ap abòde dirèkteman ansanm ak Komisyon Konte nou an, epi mwen ta renmen remèsye espesyalman Prezidan Rodriguez pou travay li fè pou amelyore akizasyon yo.

Ane pase, nou te jwenn yon nouvo plan swen sante pou anplwaye Konte a ki pral ekonomize \$40 milyon dola. Mèsi, Senatè Garcia, pou lidèchip ou nan domèn sante ak responsablite fiskal.

Chak dola ki ekonomize onore konfyans kontribiyab yo mete nan nou epi li pwouve ke gouvènman an ka travay POU OU.

Se pou sa travay Gwoup Travay sou Sispansyon Lisans Chofè nou an tèlman enpòtan. Pandan twò lontan, yon sistèm ki pa fonksyone byen te rann li difisil pou chofè ki pridan yo regle pwoblèm frè ak amann yo, Gwoup Travay la te devlope solisyon pratik, ki santre sou sekirite, pou elimine reta epi amelyore pwosedi notifikasyon ak peman. Inisyativ enpòtan sa a, ki sou direksyon Komisyonè Lopez kounye a, deja ede plizyè milye moun, tankou Lesvia Lopez, yon manman selibatè ki te ap lite pou li peye asirans li, e yo te sispann lisans li. Avèk èd pwogram sa a, li te kapab antre nan yon pwogram ranbousman pou amann li yo epi yo te kapab retabli lisans li.

Istwa sa yo pwouve poukisa tout travay sa a enpòtan. Yon bon gouvènman aji kòm yon fondasyon, li bati yon meyè kalite lavi pou kominote nou yo.

Tout sa ou tandè aswè a rezime nan yon sèl ide byen senp: apatenans.

Miami-Dade se yon kote ki fè plas.

Pou travay.

Pou fanmi.

Pou opòtinite.

Pou nenpòt moun pouswiv rèv Ameriken yo.

Pou nou tout ka ladan.

Sa a se kominote ki pi divèsifye nan Amerik la, e divèsite sa a se pi gwo fòs nou. Vire do bay li se ta vire do bay moun nou ye a.

Pandan nasyon nou an ap pwoche sou 250yèm anivèsè nesans li, nou ap viv nan yon epòk chanjman konstan, nouvo defi, ak vrè enkyetid pou lavni.

Nou ka sede devan laperèz ak divizyon.

Oubyen nou ka kanpe pou yon bagay ki pi bon lè nou chwazi youn lòt ak avni nou pataje a.

Si ou dakò, kanpe avèk mwen!

Nou ka montre ke lè nou travay ansanm, pa gen limit nan sa nou kapab akonpli ansanm. E isit la nan Miami-Dade, chwa sa a klè.

Nou CHWAZI pou nou kanpe ansanm, jan nou toujou fè a. Se pou sa eta Konte nou an fò.

¡El estado de nuestro condado es fuerte!

Eh-ta kon-tay noo-ahh so-leed.

Se pou Bondye beni ou, se pou Bondye kontinye beni Konte Miami-Dade.